

Vil Cambridge

# Komès Manje Enfòmèl Pwosesis & Enstriksyon pou jwenn yon Pèmi


Janvye 2022



# Ajenda

- Konsèy sou Zoom
- Entwodiksyon a Depatman Vil yo
- Ki sa yon Pèmi Komès Manje Enfòmèl ye?
- Kiyès ki dwe chèche gen yon Pèmi Komès Manje Enfòmèl?
- Anvan w ranpli yon aplikasyon
- Pwosesis Aplikasyon an
- Moman pou Kesyón ak Repons

# Konsèy sou Zoom pou Sesyon Enfòmasyon sa a




Ou gen pwoblèm pou w konekte?  
Ou ka konekte sou telefòn a:  
929/436-2866

“Meeting ID” (Nimewo Reyinyon):  
824 0017 7848



N ap anrejistre sesyon an!

# Konsèy sou Zoom pou Sesyon Enfòmasyon sa a



Klike sou "**View**" (Gade) ki adwat anlè sou ekran an. Asire ou seleksyon "Gallery" (Gade tout moun).

Ou ka gade tout moun k ap asiste reyinyon an, kiyès ki leve men l, kiyès ki pral pale, e lòt aksyon ki pèmèt gen mwens entèripsyon.



Ou gen pwoblèm pou w konekte?  
Ou ka konekte sou telefòn a:  
929/436-2866  
"Meeting ID" (Nimewo Reyinyon):  
824 0017 7848



N ap anrejistre sesyon an!



# Depatman ak Pwogram Vil yo

# Depatman Developman Kominote a (CDD)

CDD ofri pwogram suivan yo ki fèt pou soutni fanm lokal yo ansanm ak mèt komès ki konn jwenn dezavantaj sosyal-ekonomik yo pa mwayen efò suivan yo:

## Pwogram Èd Teknik:

- Seminè sou Developman Komès
- Antrènman pou Ti Komès
- Kou 10-Semèn pou Plan Komès
- Pwogram pou Soutni Komès Manje
- Reyinyon Endividyèl yo

## Pwogram Bous pou Ti Komès:

- Pwogram Ranfòsman Ti Komès yo
- Pwogram pou Amelyore Fas Komès la
- Pwogram pou Ede Enteryè Komès la vin pi Aksesib

# Depatman Developman Kominote a (CDD)

CDD ofri pwogram suivan yo ki kapab enterese moun k ap kòmanse yon komès manje:

Pwogram pou Soutni Komès Manje:

- Pwogram Restoran a Machin (“Food Truck”)
- Fòmasyon Sèvis Manje San Danje (Gratis) \* y ap gentan anonse dat yo
- Lòt seminè sou sijè sa \* y ap gentan anonse dat yo

# Depatman Sèvis Enspeksyon yo (ISD)

- Depatman Sèvis Enspeksyon yo (ISD) responsab pou l asire komès yo suiv tout lwa ak règ Vil yo ki gen rapò ak Kod Konstriksyon Eta Massachusetts (Massachusetts State Building Code) ak kèk atik ki nan Kod Sanitè Eta a (State Sanitary Code)
- Kèk Pèmi ISD konn bay e kontwole souvan:
  - Pèmi konstriksyon, elektrisite ak plonbri yo
  - Pèmi manje e iiyèn yo
  - Pèmi Espesyal e Varyans yo, selon Kod Dekoupaj Zòn yo
  - Pèmi lojman, san wete pèmi pou afèmaj akoutèm




# Pèmi Komès Manje Enfòmèl

# Ki sa Pèmi Komès Manje Enfòmèl ye?

Yon Pèmi Komès Manje Enfòmèl (“Cottage Food Operation Permit”) se yon kalite pèmi ki nesesè pou manyen manje e se yon pèmi ou bezwen genyen si w gen yon Komès Manje Enfòmèl nan Cambridge.

Yo defini yon Komès Manje Enfòmèl kòm **yon moun ki fè pwodui manje sèlman nan kizin rezidans prensipal li e k ap vann pwodui manje sa yo sèlman dirèkteman a kliyan li yo**. Fòk pwodui manje a vlope nan yon pake anvan yo vann li e pake a dwe gen yon etikèt engredyan sou li.



**Kiyès ki dwe ranpli yon aplikasyon?**



# Sèlman pou Pwodui ki Vann a Kliyan Dirèk

“Vann a Kliyan Dirèk” vle di se ou menm ki vann pwodui a dirèkteman a moun k ap manje oswa itilize l.

Yo konn vann pwodui “Vann a Kliyan Dirèk” nan mache piblik, evènman atizana, e pa mwayen entènèt oswa lapost.



# Li pa aplikab pou pwodui ki vann an gwo yo

“Vann an gwo” vle di ou vann pwodui w a yon biznis (tankou yon boutik oswa yon restoran) epi se yo menm ki revann pwodui w a moun k ap manje oswa itilize li.

Si w vle vann pwodui w yo an gwo, w ap bezwen jwenn yon **Lisans Pwodiksyon Manje An Gwo** (Wholesale Food Processor License), e se Pwogram Pwoteksyon Manje Massachusetts ki responsab bay lisans sa a, se pa Vil Cambridge.


Kontakte Pwogram Pwoteksyon Manje (Food Protection Program) a 617/983-6770 oswa [www.mass.gov/food-safety](http://www.mass.gov/food-safety) pou jwenn plis enfòmasyon sou fason w ka jwenn Lisans sa.



# Sèlman pou Kèk Kalite Manje

Selon Chapit X Kod Sanitè Eta a (105 CMR 590.001(C); FC 1-201.10 (B), manje enfòmèl vle di manje ki bon san yo pa bezwen kontwole tan/tanperati yo (pa egzanp manje ki ka chita sou tab la san pwoblèm e ou pa bezwen mete yo nan frijidè). Yo pèmèt ou vann manje sa yo lè w gen yon Pèmi Komès Manje Enfòmèl. Men kèk manje yo pèmèt nan kategori sa a:

- Manje patiseri yo (pa egzanp gato ak bonbon)
- Sirèt
- Konfiti





# Pa pou Manje ki bezwen ale nan Frijidè

Men kèk egzanp nan kategori sa a yo PA pèmèt:

- Patiseri ki gen krèm anglèz ladan yo
- Gato fwomaj
- Krèm anglèz kwit
- Fwi ak legim koupe
- Sòs tomat ak sòs babekyou

- Pwodui tranpe an vinèg
- Pikliz ak vinegrèt



# Pa pou Manje ki fèt ak Marigwana yo

Yo pa pèmèt pwodui patiseri marigwana yo nan okenn sikonstans anba Pèmi Komès Manje Enfòmèl la.

Pou jwenn enfòmasyon sou fason w ka chèche yon Pèmi Komès Marigwana, vizite [www.cambridgema.gov/iwantto/applyforacannabisbusinesspermit](http://www.cambridgema.gov/iwantto/applyforacannabisbusinesspermit)

# Anvan w Ranpli yon Aplikasyon



# Lis verifikasyon pou w gade anvan w kòmanse ranpli yon aplikasyon

- Reflechi sou kiyès k ap kliyan ou yo. Si ou gen lide fè boutik oswa lòt biznis yo vann pwodui ou yo, nan ka sa a w ap bezwen chèche yon **Lisans Prodiksyon Manje An Gwo nan men Eta Massachusetts**.
- Repase sou règ Eta yo
  - [105 CMR 590.00, Kod Estanda Vann Manje pou Kizin Rezidansyèl yo](#)
  - Seksyon 105 CMR 500.00: Bon Prensip Pwodiksyon yo
  - Seksyon 105 CMR 520.000: Mete Etikèt yo
    - Kod sa yo pral aplikab pou kizin rezidansyèl ou, ki vle di kizin lakay ou.
    - Kod yo kouvri règ pou prepare manje, mete etikèt, konsève manje, sante ak iyyèn pèsonèl, e pwoesisis netwayaj pou tout Komès Manje Enfòmèl ki fèt nan kizin rezidansyèl, ki vle di nan kizin lakay.

# Lis verifikasyon pou gade anvan w kòmanse ranpli yon aplikasyon

- Analize kizin rezidansyèl, setadi kizin lakay, aktyèl ou. Règ suivan yo aplikab pou jesyon Komès Manje Enfòmèl ou a:
  - Sèlman yon (1) moun nan chak rezidans gendwa pwodui manje alafwa.
  - Bèt lakay yo pa dwe antre nan zòn kote w ap prepare manje nan moman w ap fè l.
  - Andwa a dwe an sekirite kont ensèk ak sourit yo.
  - Chanm twalèt la dwe pwòp e nan bon kondisyon sanitè
  - Sifas kote w ap fè manje yo dwe swa e fasil pou netwaye.
  - Ekipman an dwe nan bon kondisyon.
  - Si w ap itilize yon aparèy lave asyèt lakay, dwe gen yon Tèmomèt ki Anrejistre Maksimòm Tanperati oswa yon Etikèt Tanperati pou asire tanperati anndan aparèy la rete a 150°F apre sik rens ak seche final la.

# Lis verifikasyon pou gade anvan w kòmanse ranpli yon aplikasyon

Lòt pèmi, lisans, oswa sètifika ou ka bezwen:

- [Sètifika Komès Cambridge](#)
- [Sètifika Konesans sou Alèji yo](#)
- [Sètifika Manadjè Pwoteksyon Manje](#)

# Lis verifikasyon pou gade anvan w kòmanse ranpli yon aplikasyon


**Yo egzije** kèk dokiman sipò pou konplete yon Pèmi Komès Manje Enfòmèl. Ou dwe chèche dokiman sa yo anvan w kòmanse ranpli yon aplikasyon sou entènèt:

- Yon lèt siyen pa manadjè/mèt kay la, si aplikan an se yon lokatè. [Gen yon egzanplè lèt sa a ki disponib pou telechaje.](#)
- Yon lis konplè tout pwodui manje (yo) ou pral pwodui e distribye.
- Yon lis konplè sous tout engredyan ou pral itilize yo.
- Foto e/oswa desen ki montre kote w konsève manje yo.
- Foto ki montre etikèt pwodui a, ak lis tout engredyan yo sou li.
- Kalite e mak dezenfektan ou pral sèvi. Tanpri note gen sèlman 2 kalite dezenfektan ki akzeptab: Klowòks (Sodyòm Hipoklowid) oswa Amonyòm Kwatènè.
- Foto rezulta Tèmomèt ki Anrejistre Maksimòm Tanperati oswa Etikèt Tanperati ki pwouve aparèy lave asyèt yo rive atenn yon tanperati minimòm de 150°F apre sik rens e seche final la (si w ap sèvi ak yon aparèy lave asyèt lakay).

# Enfòmasyon sou Etikèt Klowòks

## Opsyon #1: Klowòks (Sodyòm Hipoklowid)

Yo pa apwouve klowòks ki gen pafen ladan I oswa klowòks ki pa di li fèt “pou izaj ki gen kontak ak manje”. Toujou li etikèt la. Dezenfektan ki apwouve yo pral gen yon Nimewo Enskripsyon EPA sou po yo



Ou ka itilize Klowòks antanke yon dezenfektan depi li di sou etikèt la ke ou ka itilize I sou Sifas ki pran Kontak ak Manje.

# Enfòmasyon sou Etikèt Amonyòm Kwatènè

## Opsyon #2: Amonyòm Kwatènè



Konsantrasyon pou Dezenfektan Kwatènè yo se 200 ppm (pati pa milyon) oswa 150 / 200 – 400 ppm pou Kwatènè milti izaj. Suiv enstriksyon ki ekri sou etikèt la.

Tanperati dlo a dwe 65°F – 75°F pou asire fich analiz yo byen kontwole konsantrasyon an.


Kantite tan dwe gen kontak = 1 minit



Nou jwenn foto sa grasa aplikasyon Pèmi Komès Manje Enfòmèl Vil Framingham nan

# Enfòmasyon sou Etikèt Tanperati & Tèmomèt ki Anrejistre Maksimòm Tanperati

Opsyon #1: Etikèt Tanperati – Pi ba a w ap jwenn kèk egzanp ki montre 160°F, sepandan ou dwe sèvi ak etikèt 150°F pou yon Aparèy Lave Asyèt Lakay.



← Etikèt ANVAN nou itilize l nan aparèy lave asyèt

← Etikèt APRE nou itilize l nan aparèy lave asyèt –  
Koulè a chanje pou fè konprann tanperati  
anndan aparey lave asyèt la rive nan minimòm  
tanperati ki ekri sou etikèt la.



Opsyon #2: Tèmomèt ki Anrejistre Maksimòm Tanperati



Nou jwenn foto sa grasa aplikasyon Pèmi Komès Manje Enfòmèl Vil Framingham nan

# Lòt Resous yo

Gade lòt resous sa yo anvan w kòmanse ranpli aplikasyon w pou yon Pèmi Komès Manje Enfòmèl:

- [State Sanitary Code 105 CMR 590.000](#) (Kod Sanitè Eta a)
- [Retail Food Code Standards for Permitted Residential Kitchens](#) (Kod Estanda Vann Manje pou Kizin Rezidansyèl yo) Denyè revizyon avril 2019
- [State Residential Kitchen Question and Answers Brochure](#) (Bwochi Kesyon ak Repsons Eta a pou Kizin Rezidansyèl yo) Denyè revizyon oktòb 2016
- [Minimum Requirements for Packaged-food labeling](#) (Rekiz Minimòm pou Etikèt ki sou Manje an Pake)
- [Food Allergen Labeling](#) (Etikèt pou Alèjèn nan Manje)
- [Model landlord letter](#) (Egzanplè lèt mèt kay la)

# Pwosesis Aplikasyon an



# Kòmanse Aplikasyon an sou Entènèt

W ap jwenn prèske tout aplikasyon pèmi ak lisans Cambridge yo sou entènèt, konsa li fasil pou w afiche dokiman yo e suiv pwogrè aplikasyon yo. Yo rele platfòm entènèt Vil la “Viewpoint”.

Pou kòmanse, vizite paj akèy Viewpoint, ki montre tout pèmi vil yo ki disponib sou entènèt.

Si w poko gen youn, kreye yon kont Viewpoint.

*\*\*\* Bon konsèy: chwazi yon adrès imèl ke w konn itilize souvan pou kont Viewpoint ou. Viewpoint pral voye mesaj enpòtan pou ou konsènan aplikasyon w nan adrès sa a. Pafwa, imèl sa yo ka di w gen aksyon pou w pran, e w ap bezwen korije enfòmasyon ou te soumèt deja.*


# Kòmanse Ranpli Aplikasyon sou Entènèt

W ap jwenn aplikasyon pou Pèmi Komès Manje Enfòmèl sou Viewpoint lè w chèche nan seksyon Depatman Sèvis Enspeksyon yo, oswa ISD (Inspectional Services Department).

*Lyen sa a ap mennen w dirèk nan aplikasyon an:*

<https://cambridgema.viewpointcloud.com/categories/1118/record-types/6827>

*Note: Gen fòmilè aplikasyon an papye ki disponib si w fè yon demann pou sa. Rele 617/349-6100*



# Pwosesis Aplikasyon an

Apre w fin bay tout enfòmasyon sou ou menm pèsonèlman e sou komès ou, w ap bezwen afiche yon kopi dokiman nesesè yo:

Dokiman ou dwe afiche	Dosye	
Foto etikèt pou chak kalite manje, avèk lis engredyan yo <b>Obligatwa</b>	Pa gen dokiman ki afiche	<a href="#">Afiche</a>
Foto oswa desen ki montre kote w konsèvè engredyan yo <b>Obligatwa</b>	Pa gen dokiman ki afiche	<a href="#">Afiche</a>
Foto rezulta Tèmomèt ki Anrejistre Maksimòm Tanperati oswa Etikèt Tanperati pou aparèy lave asyèt yo <b>Obligatwa</b>	Pa gen dokiman ki afiche	<a href="#">Afiche</a>
Sètifikasi Konesans sou Alèji <b>Obligatwa</b>	Pa gen dokiman ki afiche	<a href="#">Afiche</a>
Sètifikasi Manadjè Pwoteksyon Manje <b>Obligatwa</b>	Pa gen dokiman ki afiche	<a href="#">Afiche</a>
Ajoute yon dokiman		

# Pwosesis Aplikasyon an

Yonfwa ou fin afiche (oswa telechaje) tout dokiman ki nesesè yo, yon anplwaye vil la ki travay pou Depatman Sèvis Enspeksyon yo (ISD) pral gade enfòmasyon w.

ISD pral pwograme yon randevou kote yon anplwaye vil la pral enspekte kizin rezidansyèl, oswa kizin lakay, àn pèsòn.

Depi enspeksyon an pase, aplikasyon pou Pèmi Komès Manje Enfòmèl la tou apwouve, e aplikan an gendwa peye pou e vin chèche pèmi apwouve a. Li koute \$100.00.

Pèmi Komès Manje Enfòmèl yo dire ennan, depi lè anplikasyon an te ranpli. Ou dwe mete yon alam sou kalandriye w piske tout pèmi yo renouvre sou yon dat diferan.

# Ou gen kesyon?

# Kesyon Moun Poze Souvan

K: Si mwen jwenn yon Pèmi Komès Manje Enfòmèl, e zanmi mwen anvi vin lakay mwen pou l fè bonbon nan kizin mwen pou li vann an piblik la, èske li gendwa fè sa?

R: Non. Pèmi Komès Manje Enfòmèl la se yon kalite pèmi ki gen rapò ak moun k ap manyen manje – sa vle di se ou menm sèl ki jwenn pèmisyon pou w fè sa. Zanmi w bezwen ranpli yon aplikasyon pou pwòp pèmi pa l e li dwe afiche pwòp foto pa l pou etikèt manje li e pou lòt enfòmasyon ki pwòp a li menm.

K: Si mwen anvi fè bonbon pou zanmi mwen vann sou tab pa l nan Mache Piblik la (Farmer's Market), èske m bezwen yon Pèmi Komès Manje Enfòmèl?

R: Non. Pèmi Komès Manje Enfòmèl la se pou moun k ap vann manje yo dirèk bay kliyan yo, se pa pou moun k ap vann pwodui yo bay yon revandè. Si ou vle pou nenpòt lòt moun vann pwodui w yo, nan nenpòt lokal oswa nenpòt evènman, w ap bezwen yon **Lisans Pwodiksyon Manje An Gwo**.

# Enfòmasyon Kontak

Christina DiLisio

Espesyalis Developman Ekonomik, Depatman Developman Kominote (CDD)

- 617/349-4601
- [cdilisio@cambridgema.gov](mailto:cdilisio@cambridgema.gov)

Kristen Fernandes

Enspektè Ijyèn, Divizyon Sanitè, Depatman Sèvis Enspeksyon yo (ISD)

- 617/349-6121
- [kfernandes@cambridgema.gov](mailto:kfernandes@cambridgema.gov)